

Bon Nouvèl



Journal pou moun ki renmen lang manman yo

42° ane * n° 458 * Fevriye 2009

Pri journal la : 10 goud

Marina, vitamin oubyen pwazon ?



- 2 Avangou : Sen Valanten ak Kanaval
- 3 Koze mande chèz : Nouvèl kout
Ayiti resevwa de zotobre nan mwens pase yon semèn
Eleksyon pou konble pòs vid nan sena a
- 5 Ti refleksyon sou Ayiti : Ki politik pou yon peyi tankou Ayiti
- 6 Ki moun ou ye : Anwal ougan oubyen doktè?
- 8 Touris lokal : Kabarè
- 10 Paj pou jèn yo : Barak Obama, 44èm prezidan Ozetazini
Kilès Sen Valanten ye?
Kanaval an Ayiti kapab pi bèl
Marina, pwazon oubyen vitamin?
Lòkè Jinyò yo
- 14 Pawòl Bondye : Pwojè lavi ak pwojè lanmò nan bib la
- 16 Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

Fevriye pote kèk dat moun yo renmen fete anpil. Se Sen Valanten (14 fevriye) avèk Kanaval (22 jis 24 fevriye ane sa a). Kanaval la menm, ayisyen p ap negosye li. Depi premye dimanch janvyè bann yo koumanse soti, prepare yo pou yo anfòm sou kesyon an pandan jou gra yo. Depi se pou kanaval pa janm manke kòb, anpil kòb pou popilasyon an kapab amize yo pandan yon ti tan, pou yo kapab bliye sitiwayon malouk y ap viv la. Men aprè dans, tanbou a lou. Anpil kesyon poze sou gaspiyaj kòb sa a, ki ta ka regle bagay ki pi konsekans pou popilasyon an. Poukisa moun yo bay kanaval tout enpòtans sa a? Nan peyi vwazen nou prèske pa gen anyen jou gra yo. Epi depi se pou afè kanaval moun yo sanse pa reflechi sou lòt konsekans negatif distraksyon popilè sa a kapab genyen. Jou sa yo anpil moun mete moralite a kouche nan kwen. Fòk yo amize yo san limit. Yo p ap teke fren menm. Ki mele yo ak sa k ap vini apre. Debandad moral sa a kapab gen move konsekans sou lavi anpil jèn moun. Se sa ki fè anpil paran p ap kite pitit fi yo ale nan kanaval.

Nan peyi d Ayiti moun pa gen sousi priyorite. Nou mete valè yo tèt nanba. Sa pa vle di pa dwe gen distraksyon alokasyon kanaval la, men se jan li òganize, jan l ap dewoule ki fè nou blije fè refleksyon sa a. Pouki n ap depanse tout kòb sa a pou yon ti plezi ki dire 3 jou epi ki konn kite move tras dèyè l, tandiske tèlman gen lòt bagay ki pou reyalize an Ayiti. Poukisa yo pa plis investi nan lòt mòd distraksyon, tankou espò osinon aktivite kiltirèl tankou teyat ak dans pa egzans, kote jèn yo kapab distrè yo nan yon klima ki gen valè moral ak fizik ki pi bon anpil pase plezi kanaval la. E poutan moun k ap devwe tèt yo pou òganize mòd aktivite konsa, pa kapab jwenn finansman pou sa. Asosyasyon foutbòl, volebòl, baskètbòl, federasyon ki reskonsab disiplin sa yo, pa gen mwayen souvan fwa pou yo fonksyonnen kòm sadwa. Men pou kanaval se piyay kòb k ap depanse. Esponsò fè mikalaw sou teren an. Tou sa montre ki enterè gwo konpayi yo ak enstitisyon leta ap defann



Dènye mwa yo yon gwo tole te leve sou pwogram televizyon ki sanble pi popilè nan peyi a, se feyten Marina a. Se poutèt sa BN te vle pataje yon ti refleksyon sou sa avèk jèn yo (gade nan paj jèn yo). La tou kesyon moralite a poze. Nou pa kapab aksepte fè kennepòt bagay san omwen nou pa poze tèt nou kesyon sou valè moral li genyen. Omwens fòk nou kreye yon sans kritik lakay nou ki pou pemèt nou pran yon ti distans ak sa yo plonje nou ladann nan, pou n gade ki valè li reprezante pou nou. Ayisyen twò abitye peze nen l pou l bwè dlo santi. E anpil fwa yo fè n bwè l san nou pa menm byen konsyan sou sa.

Pè Jan Out, Dirèk

Koperasyon entènasyonal

Ayiti resevwa visit de gwo zotobre nan mwens pase yon semèn

Gouvènè jeneral peyi Kanada a Mikayèl Jan te fè yon vire won nan peyi d Ayiti soti 15 pou rive 18 janvye pase a kote li te pwofite renouvle angajman gouvènman kanadyen an genyen an favè popilasyon ayisyèn nan.

Se chèf Leta ayisyen an Rene Preval ki t al resevwa Madan Mikayèl Jan ki gen kòd lonbrit li antere nan vil Jakmèl, Sidès. Nan deklarasyon l fè, Madan Mikayèl Jan fè konnen l pral kontinye fè «solidarite ak pèp ayisyen an pou rekonstwi peyi a».

Pitit tè d Ayiti a kontinye pou l di : «sa nou dwe fè kounyeya se mete men nan pat la pou Ayiti sispann lonje bòl la bay peyi etranje epi reprann fyète l ak



Sous foto: Janjak Ogiste

diyite l. Fòk gen plan ak bon vizyon pou nou sispann kriye apre katastwòf natirèl pou l ka reponn ak bezwen pitit li yo pandan l ap koumanse ak sa ki pi ijan yo lè n konsidere gen 4 siklòn ki sot ravaje peyi a ant mwa dawout ak sektanm 2008 la ».

Se nan lespri sa a, Mikayèl Jan fè sonje peyi Kanada bay prèske sis san milyon dola an plis ak Ayiti pandan l te voye swen ijans nan zòn Sid ki te izole ak rèz peyi a. Pandan virewon sila a, Madan Jan te fè yon kout pye nan Sid ak Nò Peyi a pou l te ka wè ki kote pwojè Kanada finanse an Ayiti a rive.

Se dezyèm vwayaj Mikayèl Jan fè nan peyi d Ayiti. Premye a se te nan mwa me 2006, depi li te nonmen gouvènè jeneral sa gen anviwon twa zan. De jou aprè Mikayèl Jan mete yon bout nan virewon l la, Peyi d Ayiti te resevwa visit Rèn Sofya (Sofia) peyi Espay ki vin manifeste solidarite l ak pèp ayisyen an. ■

Eleksyon pou konble pòs vid nan Sena a Pa gen twòp angouman kay kandida yo

Malgre tout asirans Konsèy elektoral pwovizwa a (KEP) bay sou òganizasyon eleksyon pou konble 12 chèz vid nan Sena Repiblik la, kandida yo sanble pa

twò enterese al patisipe nan konpetisyon yo.

Depi lansman ofisyèl enskripsyon kandida yo nan dat 7 janvye epi k ap bout 23 janvye 2009 la, se

sèlman Gi Filip (Guy Philippe) ki depoze pyès li yo lendi 12 janvye pase a nan Biwo elektoral depatmantal (Bed) Grandans la. Ansyen kandida pou pòs prezidan

1 JANVYE: Prezidan peyi a ak anpil gwo tèt nan gouvènman l te prezan nan Gonayiv, pou selebre 205èm anivèsè endepandans peyi a, nan diskou chèf Leta peyi a, li te fè konnen lavi a pral pi difisil toujou. Anpil moun te fache pou diskou a, selon yo se paske se yon prezidan ki pa reskonsab ki fè li

fè diskou sa, selon kèk lòt tou se paske prezidan vle klè, li pa vle nan ipokrizi ki fè li di l jan l ye a.

14 JANVYE : Levayan Lwijèn (Levaillant Louis-Jeune) se non nouvo prezidan chanm depite a. Mesye Levayan ki se moun Dedin, ki nan gwoup CPP(Concertation des

parlementaires progressiste) ranplase Pyè Erik Janjak (P. Eric Jean-Jacques) avèk 60 vwa sou 93. Gwoup CPP a kontwole soti depi nan pòs prezidan rive jis nan pòs sekretè.

12 JANVYE: Gi Filip (Guy Philippe) ansyen kandida prezidan an enskri nan biwo

Koze mande chèz

nan eleksyon 2006 yo di li swete ranpòte lamayòl la nan grandans peyi a nan eleksyon ki pwograme nan dat 19 avril k ap vini an.

Lòt pati ak regwoupman pati politik yo pa montre yo twò enterese enskri kandida yo, alòske dat pou mete yon bout nan peryòd enskripsyon yo ap vanse. Selon prezidan Fizyon sosyo-demokrat yo Viktò Benwa, gen bagay ki pa klè nan kesyon eleksyon an. Li kwè fòk gen chita pale ant chèf Leta, KEP la ak pati politik yo sou lwa elektoral la anvan yo rive nan dat 19 avril la.

Depi 7 janvye 2009, prezidan Repiblik la Rene Preval pibliye arete prezidansyèl ki envite pèp la pran chemen eleksyon pou vote 12 senatè pami yo, 10 manda yo te bout, Nwèl Emanyèl Limaj la (Noël Emmanuel Limage) senatè latibonit ki te mouri nan yon gwo aksidan nan mwa janvye 2007 la ak pòs Woudòl Boulòs (Rudolph Boulos) pou rezon nasyonalite etranje.

Yon desizyon ki leve plim sou do Fizyon, pati politik Boulòs te reprezante nan chanm sena. Selon prezidan Fizyon an, se yon desizyon gwo ponyèt chèf Leta a pran lè li decide fè eleksyon pou plas Boulòs la, alòske te gen yon desizyon lajistis ki te soti an favè eli Nodès la. Viktò Benwa di ni prezidan Preval, ni KEP la pa gen dwa pase vòt pèp la anba pye. Se yon mezi ilegal.



N ap fè ou sonje depi mas 2008, yon rezolisyon Sena a te mete premye senatè Nodès la, Woudòl Boulòs deyò. Mesye Boulòs ta gen anplis paspò ayisyen an, yon paspò ameriken nan pòch li. Yon desizyon tribinal nan Nòdès t a pra l kase nan mwa jen menm ane a. Men sa pa anpeche prezidan Repiblik la konsidere pòs senatè a, k ap viv nan kanpe lwen depi mas 2008, tankou yon chèz vid.

Pòdepè a. Misyon mèt Benè se kontinye ak ankèt ki te kòmanse sou eskandal lajan ki te pèdi lakay Mak Frederik (Mark Frèdèrick) ak Alen Dezi (Alain Désir) jou ki te 12 novanm 2008 la.

22 JANVYE: Gwoup k ap defann refijye ak rapatriye yo (GARR) bay yon konferans pou laprès ki te gen pou tèm: eta sivil ak anrejistreman Ayisyen/ Ayisyèn

Yon lòt kote, gen 33 pati ak regwoupman pati politik ki enrejistre nan KEP la pou patisipe nan eleksyon k ap fèt 19 avril ak 7 jen 2009. Pami yo, nou jwenn Mouvman kretyen pou yon nouvell Ayiti (Mochrenah), platfòm Lespwa ki te pèmèt Preval genyen eleksyon yo an 2006, la Fanmi Lavalas ki se pwopriyete ansyen prezidan Jan Bètran Aristid, Òganizasyon pèp k ap lite ki gen nan tèt li ansyen senatè Edga Leblan, rasanbleman demokrat nasyono-pwogresis yo (RDNP), Miland Maniga ap dirije elatriye. Kèk pati ki te la an 2006 pa enskri fwa sa a. Nan pati sa yo, nou jwenn Alyans demokratik ki sou direksyon Evans Pòl, ansyen kandida pou pòs prezidan an 2006, Gran rasanbleman pou evolisyon d Ayiti (Greh), ki gen nan tèt li ansyen kolonèl Imlè Rebi (Himmler Rebu), Mouvman patriyotik 28 novanm (MNP-28) ki sou lobedyans ansyen senatè Dejan Belizè (Déjean Bélizaire), ak kèk lòt ankò pa sou lis 33 a. ■

Ladenson Flerival

elektoral Sidwès la nan lide pou l vin senatè pou depatman sa a. Selon ansyen kandida prezidan an: “mwen fin depoze tout pyès mwen nan biwo elektoral la, pou pòs senatè, m ap tann otorizasyon KEP la pou mwen kòmanse fè kanpay mwen.

14 JANVYE: Mèt Jan Frederik Benèch (Jean Frédéric Bénèche) se non nouvo chèf pakè tribinal

dwe yon priyorite nan bidjè nasyonal la. GARR mande palman an pou li kapab: vote ase lajan pou ONI (Ofis Nasyonal Idantifikasyon) nan bidjè a. GARR kontinye pou l di li dakò pou ONI rèsponsab leta sivil la, men fòk leta pran sa an konsiderasyon anndan bidjè li, pou li pa mete lespwa li sou lajan kominote entènasyonal la. ■

Wozilya Franswa

Ki politik pou yon peyi tankou Ayiti...

Ki politik ki ka sèvi nan ka Ayiti a, ki se yon peyi aprè 205 zan istwa ki pa rive okenn kote afòs l ap tounen an won. Politik tradisyonèl fè peyi a ap make pa sou plas tandiske lòt peyi yo ap pwogrese.

Politik machandaj, pale mete la se yonn nan karakteristik lidè politik ayisyen : Diskou tradisyonèl devan dèyè, pwomès lespwa tribòbabò pou fè moun dòmi se pi gwo pwogram yo genyen. Gouvènman pase, gouvènman enstale; menmman parèyman. Bouch dous mele ak pawòl dous pou soule moun se nan sa anpil nan yo kwè. Lè moman kanpay, politisyen pale tout koze pou yo ka jwenn vòt pèp la. Si ou kwè nan pawòl ou a menm gen anvè ba yo plizyè bilten nan lespwa demen a pi bon. Gen yon tandans ki vle fè moun kwè patriyòt p ap mennen okenn kote, nasyonalis se pawòl pwezi.

Ki enterè politisyen nou yo ?

Nou konprann byen enterè politisyen pa bò isit se ramase pote ale tout sa yo jwenn paske egzil pou yo se yon retrèt antisipe (avan lè). Kounyeya, se ta yon erè oudimwens yon aksidan si ou ta jwenn yon dirijan nan peyi a ki serye, onèt, oubyen entèg piske kalite sa yo ta sanble pa gen okenn valè pou moun isit. Nou pran nan yon "katyaboumbe", nou pa konn sou ki moun pou nou konte tèlman politisyen isit fè betiz. Kounyeya ki gwoup moun ki pa enplike nan kòripsyon sòti nan palmantè, tonbe nan jij, rive nan reprezantan egzektif, chavire nan polisye ? Pèsonn pa konn si pou yo monte, si pou yo desann. Chak semèn gen yon eskandal nan peyi a, moun ou pa ta panse se non yo k ap site: lè se pa kidnaping, se dwòg, lè se pa dwòg se zafè lajan ki mal pataje, epi se pèp la ki toujou peye po kase a. 2006, yon van

lespwa te soufle toupiti, anpil moun te kwè yo t ap jwenn yon souf, okontrè lobèy pi rèd, yon manyè pou bay zòt rezon, ki di: "Nou pa ka dirije tèt nou toutbon". Koripsyon mele ak ensekirite, kidnaping, lavi chè ap taye banda, tout moun retire tèt yo kòm rèsponsab, pèsòn pa koupab. Pèsòn pa konn ki sen pou yo rele, nou pran nan tribinal san jij, nan legliz san pastè, nan lekòl san pwofesè... Tout bagay alanvè, men se kòm si tout bagay nòmal.

Demokrasi pa vle di fè sa ou vle

Demokrasi ap klewonnen, men sa pa janm aplike. Demagoji, jwenn ak politik kliyantelis se bousòl dirijan ayisyen. Nou kole nan yon zafè politik liberal: tout moun fè sa yo vle, jan yo vle, lè yo vle; depi ou pa nwi leta nan nich li, sa vle di depi pòs zòt pa andanje, ki mele lak pwoblèm peyi a. Poutan kidnaping ap vale teren, tout kidnapè ap sikile lib e libè; volè anpeche moun sikile ak tèt repoze, tout peyi a tounen mache piblik; sa mele yo. Yon lòt bò anplwaye leta pa ka touche, moun k ap travay nan peyi sa pa gen okenn asirans, ni garanti; sa pa mele yo; si ou santi ou pa byen ou a kite peyi a, si ou kapab.

Antretan imaj nou ap pi sal devan lòt peyi nan mond lan, afòs dirijan isit repete betiz. Yo pran nou pou moun ki pa konn sa yo vle, moun ki san konviksyon, moun ki san volonte pou chanje kondisyon vi yo, tèlman anpil fwa se moun ki pi maladwat yo ki reprezante nou. Yon bann moun san pwòjè, san vizyon, san rèv pou sosyete a se yo ki toujou pase, tout sa paske se yo ki pi mèt dam, ki pi entèlijan oubyen ki gen plis odas. Nou vin panse yo pa pran figi moun pou anyen : respè dwa moun sa pa egziste, se gwo ponyèt ki pale. Kòm leta pa gen fòs, li pa

bay sèvis, antretan tout moun pwofite fè sa yo vle, epi se sa ki "Ayiti a", alòske se yon peyi ki gen yon gwo istwa. Pèsòn pa rann yo kont si sosyete ap depafini, nou pa gen okenn valè ki rete ankò, nou kopye tout vye bagay pandan n ap detwi pwòp valè nou genyen ki fè identite nou kòm pèp endepandan.

Imaj Ayiti nan peyi etranje pa twò bèl

Gen yon kanpay pou desann valè peyi a e zòt fè kou l konnen pou nou pa sanble ak anyen e pèsòn nan otorite peyi a pa ka di ni fè anyen tèlman yo rete ak "blan". Yon bann moun san karaktè, san onèt, se yo ki toujou ap mennen bak peyi sou wout destriksyon, tout mòd koripsyon. Pou edikasyon nou a zewo, pou pwodiksyon nou nan mwens pase zewo, pifò jèn oblije kite peyi a ale etidye kay vwazen an ki pa ofri yo anyen ditou, tèlman lekòl ak inivèsite tounen yon bòlèt nan peyi sa. Anpil jèn k ap etidye bò isit se yon jwèt pil ou fas y ap jwe paske yo pa konn sa k ap tann yo demen, san konte sa yo ki oblije lage kò yo nan imoralite seksyèl elatriye pou yo ka reziste ak lavi.

Kisa k pou fèt pou chanje sa ?

Ki politik yo panse mete an plas pou retire peyi a nan bafon kote l ye a, pou nou ka rive gen yon sosyete kote dwa moun respekte, sekirite ak avni moun asire, yon fason pou ayisyen pa gen anvè al pase mizè kay blan, san papye, san diyite? Èske li nòmal pou moun nan peyi a kontinye ap nourri yon desespwa san fen, kòm si anyen p ap janm chanje, tandiske moun kontinye pral vote pou mete nouvo gouvènman? Nou p ap di plis, lavni ap di rèd la. ■

Wadnè Izidò
Wadneri26@yahoo.fr

Anwal ougan oubyen doktè ?



Sous foto: Ladensonn Flerival

Nan vire won nou te fè nan Kabarè pou nou t al founi je gade kisa ki te fèt apre pasaj 3 siklòn yo ki te pote ale moun, bèt, jaden, kay, epi wè kisa ki fèt nan tout èd ki te bay yo pou anpeche menm pwoblèm nan poze ankò, nou te rankontre Anwal Frederik ki se yon doktè nan zòn nan, ki tou prezidan irigasyon nan Fovo. Fovo a se dezyèm katye nan Kabarè (katye 2). Doktè Anwal vle prezante tèt li bay fanatik yo.

Mwen se Anwal Frederik ki soti Senmak. Mwen genyen 64 ane. Papa 5 pitit, 4 gason yon fi, dènye pitit mwen gen 2 zan. Mwen fè 3èm segondè nan lise Estenyo Vensan Senmak. Mwen te antre Kabarè yon jou vandredi 30 jen 1957 nan tren Lokomotif (tren ki mache ak bwa). Mwen genyen yon lekòl ki fonde an 1998 ki rele Gi Malari ki rive nan klas segond, se pitit mwen Donèz Frederik ki reskonsab li.

Ougan oubyen doktè ?

Yo rele m doktè! Mwen okipe afè zo. Zo pye moun nan konn kase twa pous deyò mwen antre l epi li vin nòmàl. Lè moun yo blese anvan m koud yo mwen ba yo piki anestezi.

Mwen pa di mwen se ougan men menmsi moun nan gen nenpòt maladi sou li mwen kapab geri l ak lapriyè, mwen kapab priye sou moun nan si li pran kout lè, kout poud mwen

kapab trete l. Mwen fè beny fèy pou moun ki fè move san, ki tonbe, ki foule, ki gen san kaye anndan l. Mwen genyen anviwon 30 ane depi m ap fè travay sa a nan zòn nan. Mwen pa wè kòb la anvan sa vle di moun nan mèt pa gen kòb m ap sèvi l.

Kijan Anwal te fè vin doktè?

Mwen pa t fè yon etid pou sa. Sèlman mwen te gen yon ansyen doktè mwen te konn travay ak li ki rele Doktè Midwen Fèmin depi mwen te gen 21 a 25 ane konsa. Men premye kòmansman se te tèt mwen ki te kase epi mwen t alpanse lakay li, kèk jou apre li fè m pran yon glas, pansè l pou kont mwen.. Men doktè a vin mouri li kite don an nan menm, men mwen potko nan fèy la. Se pandan mwen nan dòmi yo vin montre m afè fèy la, montre m manyen moun, montre m ki mo pou m di lè m ap touche moun yo. Men mwen te tèlman jèn, mwen pa t vle antre nan sa. Men yon jou gen yon mesye ki gen yon doule nan ranch ki vin jwenn mwen, mwen di l voye achte yon ti bwat dolèks, 10 grenn manyopiwole epi mwen fè yo prete m yon nat mwen manyen l. Mesye a te satisfè epi li di nenpòt moun li jwenn l ap voye l lakay mwen. Se konsa mwen te vin kòmanse manyen moun.

Doktè Anwal prezidan irigasyon

Mwen pa sèlman doktè men mwen se prezidan irigasyon nan Fovo depi nan ane 1991 jis jounen jodiya . Se mwen ki kontwole afè kanal, pwòpte yo. Si gen kèk kote lè dlo a pase li kraze, fòk mwen fè repare l, depi gen yon pwoblèm nan zòn nan

se mwen pou yo wè. Nou mete kèk ti lòd nan zòn nan paske si pou yon moun koupe pyebwa fò ou jwenn otorizasyon swa kazèk oubyen azèk. Se sa ki fè Fovo gen tout kantite pyebwa sa yo, men pifò pyebwa sa yo se pye mango ak lamveritab.

De mo sou siklòn ki te pase yo

Pou jan peyi a vin ye jounen jodiya ap toujou gen debwazman paske moun yo se sou chabon an yo viv, yo oblije koupe pyebwa. Men sa mwen pa ka konprann Ana pase li fè anpil lapli, Gistav pase li fè menm jan, men pa t janm gen inondasyon, se sèlman lè Ayk vini, li fè inèdtan lapli sèlman epi li fè tout dega sa yo. Dapre mwen menm tout dlo sa yo se Pelig yo soti. Paske dlo a se anba tè a li pete epi li soti ak yon ma labou santi. Lè tan an di Sèndomeng dlo a bare yo yo lage l. Lè sa Pelig vin plen "tout moun jwenn". 10 oktòb 2007 te gen yon dlo ki te pete konsa sou nou ak gwo solèy cho san pa t gen lapli. Lè sa dlo a te fè anpil dega. Men ou konnen, p ap gen moun ki pou al mennen ankèt pou konnen kisa ki te lakoz.

Après siklòn kisa ki te fèt

Te gen moun oubyen Oganizasyon ki te vin bay kèk ti èd, men èd nan peyi d Ayiti se yon pati ki jwenn yon pati pa jwenn, epi se pa moun ki nan nesite yo k ap jwenn. Nou menm nan Fovo nou pa t jwenn anyen, men gen kèk lòt zòn ki te jwenn kèk ti kichòy .

Mwen remèsye Bon Nouvèl pou travay sa a l ap fè a , mwen di l kenbe pa lage. Mwen la toujou depi m pa mouri mwen fèk kare ap bay pèp la sèvis.

Wozilya Franswa

Kabarè / Anviwònman Men nan men pou lavi boujonnen !



pi malouk pase sa moun Kabarè t ap viv deja. Se yon anviwònman vividan griyen ki akeyi tout vizitè ki rive pou premye fwa nan vil la.

Malgre tout malè sa yo, popilasyon an pa dezespere. Se sitwayen ki bay bèl akèy ou jwenn nan Kabarè. Timoun tankou granmoun montre yo byen janti ak vizitè yo. Pye bannann yo rekoumanse donnen, men tras pasaj katastwòf yo toujou prezan. Yo parèt mens anpil. Selon yon

Nan mwa janvyè 2009, pandan kapital la t ap layite nan banbòch dimanch avan kanaval, gen lòt lokalite k ap chache panse maleng 4 gwo siklòn ki te pase mwa dawout ak septanm 2008 yo kite. Se ka komin Kabarè ki twouve l nan anviwon inèdtan ak Pòtoprens. Bon Nouvèl envite ou fè yon ti vwayaj avè l non kominote sa a.

30 kilomèt anviwon, se distans ki separe Kabarè ak kapital la, lè ou ap woule sou machin. Wout la pa asfalte nèt. Gen kote ki fè fon ladan l. Nou ka remake peyizan yo boule tè a nan objektif pou l bay plis manje, men yon pratik ki pa bon selon konsèy espesyalis.

Mòn yo toutouni, sa ki eksplike tray pyebwa pase anba kout manchèt nan men moun ki pa renmen lavi. Anplis sa, dega siklòn Nwèl (Noël) an oktòb 2007, « Ana » nan dat 2 septanm 2008 ak « Ayk » 7 nan menm mwa a, agrave sitiyasyon an vin



Sal sinema, Sous foto: Janmak Fenelon



**OU GEN YON IJANS
OU BEZWEN YON ANBILANS!!
YON DOKTÈ !!**

TEL INFO

***406 / 2-414-0606 / 2-514-0606
OU BEZWEN ENFÒMASYON !!
KI KOTE W AP JWENN PWODI SA
OUBYEN SÈVIS SAA
OU BEZWEN KOUNYEYA ?
TEL INFO**

***406 / 2-414-0606 / 2-514-0606
PLIS PASE YON ANYÈ**

Konnen peyi ou



Majistra Toma Jozèf Wil
Sous foto: Fenelon Janmak

espesyalis, plantasyon yo ta soufri maladi « sigatoka ».

Aprè bannann, nou jwenn pwa, manyòk, diri nan kèk lokalite, melon, kann, sitou anpil pye mango nan lakou kay, ak bò larivyè. Gen kèk pye figye tou nan zòn dlo pase elatriye. Komès la ap fonksyone. Se nan mache Kabarè popilasyon an vann rekòt li fè nan jaden. Selon sa moun zòn nan rapòte, se nan Kabarè lonbrit Adelina ki te madanm amperè Soulouk, te antere. Yo di tou te gen polonè ki te tabli nan seksyon kominal Kazal, nan tan lakoloni.

Pwodiksyon agrikòl la bese anpil. Men sa pa gen twòp konsekans sou moun Kabarè ki pa gen pwoblèm lamanjay.

Ki jesyon ki fèt sou vil la ?

Majistra prensipal komin nan Toma Jozèf Wil (Thomas Joseph Wills), anonse anvan lontan yo pral netwaye larivyè Bretèl (Bretelle) ki, avèk larivyè Tòsèl, (Torcelle) te inonde vil la. Deja gen etid ki fèt sou kesyon an,

travay yo ap koumanse nan mwa mas k ap vini an. Se asirans premye sitwayen vil la bay. Selon Toma Jozèf Wil toujou, se Inyon Ewopeyèn (UE) k ap finanse operasyon lapwòptay la k ap koute 850 000 ewo». Rebwazman mòn yo, netwayaj nan larivyè Tòsèl, deplasman popilasyon, se kèk lòt pwojè meri a gen nan tiwa.

Majistra a plenyen dèske touris pa enterese vin nan Kabarè ankò jan sa te konn fèt lontan. Se sèlman lè gen fèt patwonan, nan dat 16 jiyè, kèk ayisyen desann nan vil la. Madam Jaklin Kajis Ogistav (Jacqueline Cajuste Augustave) ki se pwopriyete « Inn-Ovation night club » ki sitiye l nan papòt vil la ale pi lwen: « Aktivite yo bese anpil. Nan tan lontan, touris ayisyen ak etranje te desann souvan Kabarè, men kounyeya sa pa fèt ankò. Moun te konn fè rezèvasyon chanm otèl depi lòtbò dlo. Gwo gwoup mizik ki gen anpil repitasyon tankou Tabou Konbo (Tabou Combo),

eskacha # 1 (Skah Shah # 1), Bosa Konbo (Bossa Combo), Septantriyonal (Septentrional), Twopikana (Tropicana), Frè Dejan nan Petyonvil (les Frères Déjean de Pétiion-Ville) te konn fè moun danse nan Inovasyon nay klèb. Malerèzman, depi dizan nou pa jwenn anbyans sa yo ankò. « A sa se bagay pase »

Epi, nan kondisyon pa gen kouran, telefòn pa sonnen, dlo pa koule nan wobinè, gaz ap moute tèt nèg, pa mande Madam Ogistav konbyen kòb li rantre chak jou: « Mwen pa ka pale de kòb ki antre. Sèl sa m konnen, depans yo ogmante »

Vil Kabarè, ki te egziste depi nan tan lakoloni, koumanse nan mòn Senkristòf, Lwès, pou al bout



Sous foto: Fenelon Janmak

Sitiyasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras depi janvyè 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl, ou byen si ou achte l nan men yon revandè : 10 goud

Pri abònman pou 2009

An Ayiti :

1 abònman rive 50 (pou 1 ane) 100 goud pou chak abònman

51 pou rive 100 abònman : 90 goud pou chak abònman

101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman

250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman

1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud

An pwovens : 300 goud

Pou peyi Etranje : Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US

Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US

Konnen peyi ou

nan Viye (Vigner), Lès. Zoranje se limit Nò vil la ki gen lanmè pou ranpa Sid. Li gen 70 000 moun k ap viv nan 4 seksyon kominal yo : premye seksyon Bèsi (Bercy), 2e seksyon Kabarè ki se vil la, 3e seksyon Sousmatla (Source Matelas) ak 4e seksyon Fon blan (Fond Blanc) oubyen Kazal.

Kabarè ki gen rès yon moulen kann depi nan tan lakoloni ki rele « Moulen Prens Woran » pa yon vil ki twò pwogrese. Wout yo pa betonnen, pa gen kouran, pa gen dlo kamèp, pa gen telefòn piblik. Gen yon biwo teleko men se pou lafòm. Men nou ka note de sant sante, youn Kazal lòt la Kabarè, yon estasyon gaz ki rele Delsa, yon bibliyotèk pou elèv lekòl ki rele sant lekti ak animasyon kiltirèl (Clac), plizyè biwo transfè(kote



Sous foto:Ladensonn Flerival

pou voye kòb)... yon sèl Bank : Bank nasyonal kredi (BNC), yon komisarya polis nan antre vil la, tou prè lameri, yon sal sine ki tou sèvi pou teyat.

Nou jwenn 2 estasyon radyo : Sipè Maks (Super Max) ak Ayipa, de gildiv : Pyèjil (Pierre-Gilles) ak Andre (André). Se gildiv Pyèjil ki fè pi bon kleren nan tout peyi a yo rele l kleren Sonson, selon sa moun zòn nan di. Se nan komin Kabarè Minotri d Ayiti ak Moulen d Ayiti, de antrepriz leta privatize, twouve yo.

Kouman lavi òganize nan vil la?

Nan mwa sektanm pase a, gwo inondasyon te frape vil la. Selon chif premye sitwayen vil la, Toma Jozèf Wil, prèske 80 moun pèdi lavi yo san bliye plizyè lòt ki disparèt. Tout seksyon kominal yo nèt te anba dlo. Pa t gen kominikasyon ant Kazal ak rès lokalite yo. Tout plantasyon yo te inonde.

Mikayèl Florestal poko prè pou l bliye katastwòf la. Selon



Jaklin Ogistav
sous foto: Fenelon Janmak

deklarasyon jèn demwazèl la, «dlo te monte 17 wotè nan lokalite Fovo (Foveau) nan peryòd inondasyon an. Se gras ak konkou vwazen nou te rive sove lavi nou ».

4 mwa depi de nan kat gwo siklòn ki te ravaje peyi a te fouye Kabarè jouk nan kè, gen plizyè milye moun nan popilasyon an ki poko jwenn kay otorite yo te pwomèt yo. Men sa moun ka kenbe, se tout mouvman pote kole, chenn solidarite ki tabli nan mitan popilasyon an.

Plizyè òganizasyon fanm, notab, jèn, pran ap travay yon fason pou refè figi komin nan. Nan lespri sa a, Jaklin Ogistav lanse yon apèl bay tout pitit vil la. «Kabarè dwe viv. Nou tout gen devwa pou n pote kontribiyon pa nou pou lavi ka fleri.»

Souverènte

Souverènte, dapre leksikograf Pyè Lawous (Pierre Larousse) se otorite siprèm oubyen prensip otorite siprèm, sa vle di karaktè yon leta souvren, endepandan. Mo souverènte anplwaye pou yon peyi ki granmoun tèt li, ki pa sou lobedyans oubyen ki anba lotorite yon lòt peyi. Souverènte makonnen ak endepandans ki se mèt koze a. Fòs li chita nan konstitisyon an ki se manman lwa peyi a, ki defini chwa ak priyorite moun nan nasyon an pou yo rive bati yon sosyete ki fonde sou respè ak linite. Yon leta souvren se yon leta endepandan, sa vle di yon leta ki fò legalman; ki bay tèt li mwayen ak pouvwa pou dirije, epi kontwole aksyon moun nan sosyete a, fè plan pou devoplman yon manyè pou tout moun ka jwenn sèvis nesès pou yo ka viv alèz. Fòk nou di senbòl souverènte se drapo ki se toutbon yon anblèm ki gen anpil enpòtans nan istwa yon peyi. Epi souverènte se yon bagay moun goumen pou genyen men se pa yon kado, ni yon chans.

Wadnè Izidò

Barak Obama, 44èm prezidan Lèzetazini

Li te 11 zè nan maten jou ki te madi 20 janvyè pase a, Barak Obama (Barack Obama), anpil moun an Ayiti tankou nan peyi etranje konsidere tankou yon mesi, yon fyète pou pèp nwa sou latè, te rive reyalize rèv pastè Maten Litè King (Martin Luther King) ki te di nan lane 1961: “Nou gen yon rèv, pou yon jou ti nwa chita kote ti blan, kote y ap jije ti nèg la pou lide l non pou koulè po l. Obama ak tout madanm li Michèl (Michelle

Obama) te prete sèman sou menm bib ak ansyen prezidan ameriken Abraam Lenkòl (Abraham Lincoln) sou eskalye Kapitòl la ki se kay palmantè ameriken yo, devan plis pase 2 milyon moun nan fredri Wachintonn nan. Obama te di si ekonomi amerikèn nan desann konsa se move chwa dirijan pase yo epi pwomèt ansanm ak tout ameriken yo nan tèt kole pou yo mete kanpe amerik la epi kreye lòt djòb. Li fè sonje tou “grandè

Sous foto: Entènèt



se pa bay yo bay li men se pran yo pran l”. Sa se pawòl nouvo chèf Leta Ameriken an Barak Obama Isenn. ■ *Rikado Ilis*

Kilès Sen Valanten ye ?

Sen Valanten yon fèt ki make prezans li lakay anpil sitwayen, amoure/amourez, komèsan, epi moun k ap reflechi.

Eske sen valanten se fèt anmoure? Nan almanak pa nou, yo fete sen Valanten chak 14 fevriye. Nan mitan tout lòt fèt sen yo, Valanten se 14 fevriye yo chwazi pou yo fete l paske koutim moman an te mande chak valanten/valantin ekri kèk lèt oubyen voye kado youn bay lòt.

-Ki moun Sen Valanten ye?
-Ki orijin fèt anmoure sa a ?
Nan lane 268 nan vil wòm te genyen yon prèt ki t ap viv nan zòn sa a ki te rele Valanten. Anperè Klod 2 (Claude II) fè arete l sou pretèks li se kretyen epi te poze l kesyon paske l te kòmanse gen anpil respè nan lavil la. Men sa yo te jwenn epi yo ekri: Valanten t ap eseye fè anperè a konnen Jezi Kri.

Nan mitan konseye yo, prefè vil ki te rele Kalpouniyis (Calpurnius) vin pale pou l di, lafwa sa a kapab kraze tradisyon women yo. Klod te pè pou sa pa vin simen dezòd nan mitan vil la, te kite Valanten nan men prefè a. Prefè a menm, voye l devan yon jij ki rele Asteriyis (Asterius) ki te genyen pou l poze l kesyon. Sen Valanten kòmanse priye devan jij la ak tout gad ki t ap veye l yo epi l mande Bondye pou l louvri je yo nan fè yo konnen Jezi Kri ki se limyè sou latè a toutbon vre.

Asteriyis te poze l kesyon epi mande l kòman l fè konnen Jezi Kri se pi bon limyè a? Sen Valanten reponn : « li pa sèlman pi bon limyè a, men se sèl grenn limyè ki kapab klere tout moun ki sou latè a ». Asteriyis mande l pou l fè yon tès: mwen genyen isit la yon jèn tifi ki avèg depi 2 lane, si ou geri l m ap vin kwè, Jezi Kri se limyè a toutbon vre. Sen Valanten mete men l sou je

tifi a, epi fè priyè sa a: «Seyè Jezi Kri ki se pi bon limyè a, fè sèvant ou a wè». Menm kote a tifi retounen wè ankò. Asteriyis ak lòt nèg li yo, konvèti. Anperè a te kouri dèyè yo poutèt yo te vin kretyen, li te fè kenbe yo epi kondane yo pou yo mouri. Nan prizon an, yo te krabinen Valanten avèk anpil kout baton epi rache l sou wout Plaminya (Plaminia) yon 14 fevriye 268. Nan zòn nan, kèk tan apre, Pap Jan Pòl 1, fè konstwi yon legliz nan kote yo te touye la pou salye memwa potorik gason sa a. Legliz sa a te kraze sou rèy Pap Teyodos (Théodose) ki te fè deplase l epi apre sa disparèt nèt.

Ki valè Sen Valanten an?
14 fevriye se dat yo fete Sen Valanten an Ayiti, fèt anmoure ak amourez. Moman fèt sa a bay anpil pasyon, depans ak anpil rantre.

Paj pou jèn yo

Dapre istoryen Jak Bètran non Valanten an vle di «sante». Eske reyèlman n ap travay pou sante fizik ak mantal nou, pou fason n konpòte nou? Nan anpil kat piblisite ak lòt yo reprezante (Sen Valanten) nan yon imaj kote l kenbe yon epe ak yon branch bwa ki tou senbolize mati l te pase a oubyen moun ki te geri pitit fi Asteriyis (Asténius) la. Gerizon Sen Valanten te fè pou jèn tifi sa a, kapab fè tout moun wè toutbon vre, non Valanten an vle di 'sante'. Kèk lòt moun panse fèt Sen Valanten an sanble koupe tèt ak ansyen fèt payen yo, ki te rele Lipèkal (Lupercales). Se dayè nan 14èm syèk la, sitou nan peyi Langletè epi nan peyi Lafrans moun



Sous foto: Entènèt

te kòmanse wè jèn gason tankou jèn fanm k ap voye kado ak ti mo dous youn bay lòt. Genyen menm yon ti istwa ki ta fè kwè, pitit fi jij Asteriyis la, te gentan voye ti mo dous bay Valanten pa li a. La jounen

jodi, anpil moun kwè Sen Valanten se fèt anmoure ak anmourèz... Se jou anpil kòmèsan deside fè anpil lajan nan mete sou tout etajè tout boutik chokola, flè elatriye pou anmoure ak anmourèz yo pase achte anvan youn wè lòt.

Yon moun nan okazyon sa a, depi l vle, li lib pou l fete. Men tou, fòk moun nan aji ak matirite, se pou li pa fete yon dat, se pou li fete richès lavi a. Pou li pa kite komèsan mete gwo kado an premye epi lanmou ak rezon an dènye.

Bòn fèt ak tout Anmoure / Anmourèz nan lemonn antye, espesyalman nan peyi d Ayiti ! ■

Rikado Ilis

Kanaval an Ayiti kapab pi bèl

Yon mwa edmi anviwon avan kanaval la, Meri Pòtoprens ak patnè li yo te pwofite devwale plan yo pou yon bon kanaval 2009.

Jedi ki te 8 janvyè 2009 pase a, nan lokal ministè lakilti te genyen yon gwo konferans pou laprès kote majistra Pòtoprens la Jan Iv Jazon (Jean Yves Jason), Frisnèl Lwi (Frisnel Louis), Getjens Prens (Guetchens Prince), Eve Sen Pre (Hervé St-Preux), t ap anonse genyen yon akò ki jwenn ant ministè lakilti ansanm ak meri Pòtoprens la sou òganizasyon festivite kanavalès yo. Kanaval 2009 la gen pou tèm "Men nan men, lavi ka bèl", « lavi a bèl » ki se tou tit kanaval Skah-Shah #1.

Selon manm yo, yo chwazi tèm sa a pou montre solidarite yo ak tout viktim katastwòf lane 2008 yo, espesyalman timoun ki te pèdi lavi yo nan lekòl Pwomès Evanjelik la, pawòl sa yo te soti nan bouch Eve Sen Pre (Hervé St-Preux) ki se sipèvizè jeneral komite

òganizasyon an. Genyen anpil chanjman ki pral opere nan kanaval sila a, konpare ak kanaval lane pase yo selon Getjens Prens (Guetchens Prince) ki se kòdonatè nasyonnal komisyon evalyasyon ak sipèvizyon kanaval la. Chanjman sa yo se, 1) bay yon pi gwo plas pou diferan patnè li yo (nan zafè piblisite) nan evènman kiltirèl sa a, 2) atis yo ap lib pou yo fè kèk chanjman men, se anndan yon pwogram (canevas) ki prepare pou sikonstans la. Bidjè ou depans pou aktivite kanaval



Sous foto: Entènèt

la te rive nan 116 milyon 107 mil goud, men gouvènman an deside bay meri a pou òganizasyon festivite kanavalès yo, yon anvlòp ki genyen ladann 40 milyon goud.

Kesyon anpil moun ap poze tèt yo se, akote tout chanjman manm yo deside pote nan kanaval 2009 la, èske pa genyen kèk lòt posiblite pou yo ta fè festivite sa a tounen yon aktivite ki kapab rapòte anpil sou plan sosyal nan pèmèt pi meyè echanj ant klas sosyal yo, ekonomik nan rantre lajan ki pou sèvi popilasyon an, avèk sou plan imaj pou sektè kiltirèl la. Kèk lòt moun kwè leta ta sipoze pran lajan sa a, pou konstwi plis lekòl pou fòmè dansè, lekòl atizanal elatriye. Menm moun sa a yo panse, leta a ta sipoze itilize espas sa pou denonse tout fòm imoralite ki gen pou wè ak seksyalite pou jèn yo kapab gen yon konpòtman reskonsab epi fè pwomosyon kont tout fòm vyolans nan kanaval la. Manm k ap òganize festivite

Paj pou jèn yo



yo ta dwe tou pwofite pase mesaj ki ta kapab pèmèt nou kenbe richès kiltirèl nou genyen epi konbat tout vye lide ki

vle disparèt nan sosyete a, epi egzije bon jan respè pou tout prensip kanaval la. Sa t ap tou ba nou yon pi bèl imaj anndan epi deyò peyi a. Nou t ap tou bay ayisyen ak etranje bon jan enfòmasyon sou kilti lakay. Menm jan pou plizyè lòt peyi sou latè, kanaval se toujou yon mwayen pou vann richès kiltirèl peyi a nan monn nan. Eske sa a pa ta dwe yon priyorite pou tout moun ki vle viv yon bèl kanaval? An n pote



kole pou nou kapab tire plis pwofi nan aktivite kanaval yo, parapò depans n ap fè yo. ■

Rikado Ilis



Marina yon feyton ki te fè anpil bri nan laprès te jwenn adorasyon pifò moun, men minis zafè fanm ak yon kantite lòt moun te mande pou yo sispann pase l nan televizyon.

Marina, se yon Feyton ki te pase nan kèk chèn televizyon nan peyi a, li mete nan sitiyasyon moun k ap damou epi moun k ap fè yon ansanm aksyon nan lojik pou ka rive jwenn sa yo ap chèche a. Li te yon distraksyon pou anpil moun. Feyton sa a konn menm paralize anpil lòt aktivite. Moun ki renmen li twouve yo nan anpil kategori, politisyen, chomè, etidyan, elatriye. Nan diferan laj tankou Granmoun, jèn ak timoun, anpil nan yo pa vle manke yon pasaj nan istwa mesyedam "Marina" yo. Pwogram sa a yon kantite fwa se sijè konvèsasyon, nan lekòl, nan biwo, nan kamyonèt nan salon nan kay, ak lòt kote.

Nan mwa desanm nan, minis kondisyon ak dwa fanm la a Mari Joslen Lasèg " Marie Jocelyn

Marina pwazon oubyen vitamin ?

Lassègue" te bay pozisyon li, kote li te deklare: feyton an gen yon karaktè imoral, epi li chita sou diskriminasyon seksyèl kòm kwa li kapab gen yon konsekans negatif sou konpòtman moun yo k ap gade l. Reyaksyon sa a deklanche yon tole nan laprès ak nan mitan popilasyon an kote deba a te plis nan kite l kontinye pase ou non.

Moun ki vle pou yo pase li a deklare se konsa mond n ap viv la ye, se pou zak moun yo ap fè yo ka parèt tou a klè, se yon fason pou nou ka wè nan ki tan n ap viv kounyeya .

Anpil lòt moun kwè li posib pou feyton sa a gen konsekans negatif sou moun k ap gade li yo vre. Eske moun yo wè ki rezilta sa ka bay si yo ap aplike konpòtman moun Marina yo. Sa pa vle di moun pa gen dwa gade feyton etranje yo, men fòk espas pwodiksyon etranje nan medya yo limite, se pa la enterè nou ye pou moman an. Sa pa vle di feyton sa a pa montre yon reyalyte, men fòk li evite fè pwomosyon pou konpòtman k ap pase diyite moun anba pye epi pou popilasyon an pa

al pran manti, krim, elatriye tankou aksyon pou yo pwatike. Nou kwè moun yo dwe jwenn yon enfòmasyon ki onèt san manti. Epi, fòk medya yo pa konprann yo kapab fè sa yo vle paske yo lib, pwodiksyon atistik kapab bay pi bon rezilta san li pa fè prejije sou sèks, elatriye. Li enpòtan pou n kapab byen fòme opinyon piblik la . Moun yo dwe swiv feyton ak matirite, yon fason pou li envite yo pote yon jijman pozitif sou sa yo wè nan istwa lavi moun y ap gade yo.

Danje a la vre, pou moun bwè istwa sa yo tankou yon levanjil k ap dirije konpòtman pa yo pi devan. Nou t ap



konseye pou reskonsab nan leta, epi sosyete a ta ankouraje atis yo

Paj pou jèn yo



Sous foto: Entènèt

fè bon sinema, fè dwa dotè a respèkte pou yo pwodwi feyton ayisyen, kote istwa k ap dewoule yo, pi konekte ak kilti lakay. Epi kapab sèvi bon leson pou moun k ap gade l yo. Paske nou gen yon kriz nan kesyon valè nan peyi nou, nou gen travay pou nou fè vit pou nou ka rive gen konfyans nou youn nan lòt. ■

Jan Kamèl Lano



Sous foto: Entènèt

Lòkè Jinyò yo ki se 3 pitit atis konfime Jowèl Lòkè (Joël Lorquet) te fè vant siyati albòm yo ki rele “tout timoun se timoun” samdi 3 janvye 2009 nan Près kafe (Presse cafe) epi lendi 5 janvye nan mize dèza Ayisyen kolèj Sen Pyè nan 10 è rive 5 è apre midi. Anndan albòm nan gen 14 mizik, premye a “Tout timoun se timoun”

Lòkè Jinyò yo! (Lorquet Junior's)



Sous foto: Fenelon

epi katòzyèm la, “Wi nou ka chanje Ayiti”. Premye tit mizik la byen tonbe nan yon peyi kote timoun espesyalman timoun nan lari pa yon priyorite pou anpil moun nan sosyete a. Katòzyèm mizik la ki se “Wi nou ka chanje Ayiti” se yon kri pou yo kapab di tout lespwa pa pèdi nan yon demen miyò pou peyi d Ayiti. ■

Jan Kamèl Lano

ESPO - Foutbòl



Foto Entènèt

Jan n te anonse l mwa pase a, FIFA ki se pi gwo enstans nan kesyon foutbòl mondyal la, te konsakre jou ki te lendi 12 janvye pase a, Krisyano Ronaldo (Christiano Ronaldo) kòm meye jwè ane 2008 la. Ronaldo te rive devan jwè tankou Lyonèl Mesi (Lionel Messi), Fènanndo Torès (Fernando Torres), Rikado Leyite Sanntòs ki gen ti non jwèt li Kaka ak Zavi Enanndès (Xavi Hernandez). Se te

prèske san sipriz dapre anpil analis nan kesyon foutbòl, Ronaldo te tèlman briye pandan sezon 2007/2008. Li te genyen tit tankou: meye jwè ak meye bitè nan chanpyona Anglè a, soulye dò ewopeyen, meye jwè ak meye bitè nan lig chanpyon an, li pran tit Balon dò Frans foutbòl, pou konplete tout sa a, li genyen tit meye jwè FIFA.

Foutbòl ayisyen an Kriz

Seleksyon foutbòl pou jwè ki poko gen ventan an menm jan ak seleksyon granmoun yo elimine nan eliminatwa koup dimonn ki ta pral fèt nan peyi Lejip. Kalifikasyon yo te depann de



rezilta ant Jamayik (Jamaïque) ak Senkitz (Saint Kits) ki te fini 2-0 an favè Jamayik, malgre yo bat ekip Sendomeng nan 6 gòl a 1. Ki pwojè ki genyen pou mete seleksyon foutbòl nou yo kanpe menm jan sa te ye nan ane ki pase yo espesyalman nan koup dimonn 1974 la nan peyi Lalmay (Allemagne)? ■



Sous foto: achiv B.N

Rikado Ilis



Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi Pwojè lavi ak pwojè lanmò nan bib la

Zanmi Lekti Kominote Bib yo, nou kontan kontinye pwogram sou Bib la ak anviwònman an ak nou. Nou pral reflechi sou tèm : Pwojè lavi ak pwojè lanmò nan Bib la. Anpil moun kapab poze tèt yo kesyon sou sa pou di kijan Bib la ki pawòl Bondye gen pwojè lanmò ladan l? Men nou te di deja nan tout etid nou te fè yo, Bib la se pawòl Bondye nan pawòl moun, se istwa ak eksperyans yon pèp te fè ak Bondye konsa nou jwenn anpil bagay ladan l ki gen rapò ak lavi moun yo, ak reyalyte yo t ap viv, ak anbasyon yo elatriye. Konsa nou envite nou reflechi sou tèm sa a nan kominote nou yo.

Anvan selebrasyon an :

Moun ki pare selebrasyon an te pare anbyans lan tou. Li mete yon kote flè, ti plant, dlo, tè, siman, fwi, elatriye epi li mete yon pankat ki make pwojè lavi; nan yon lòt kote fèy sèch, pikan, wòch ... Yon pankat ki make pwojè lanmò.

1. Akèy : *Nou fè Akèy la jan nou abitye fè l epi nou envite Lespri Sen an. Animatè a fè moun yo sonje sou kisa nou te pale premye jou a. Li fè moun yo repete tèm jeneral la :*

“Pwoteje anviwònman se pwoteje se lavi”

Aprè sa yo bay nouvèl yo ak nouvèl kominote a.

2. Bondye pale nan lavi nou

a. Senbòl yo:

An n Gade 2 senbòl sa yo : Pwojè lavi a

Kisa nou wè ?

Kisa Pwojè Lavi a genyen ladan l ?

Kisa Pwojè Lanmò a gen ladan l ?

Sou ki pwojè nou chita nan peyi nou an?

Poukisa ?

Kisa nou dwe fè nan kominote nou yo pou chanje sa ?

b. Pwovèb yo:

Se nan siwo ou konn gou myèl

Zwazo poze sou tout branch men li pa manje tout grenn.

Lamizè fè chen manje tabak

Lè ravèt ap fè dans li pa envite poul

Kisa pwovèb sa yo vle di ? Kilès nan yo ki ka ede n bati kominote nou yo ? Kijan nou ka aplike yo nan lavi nou ?

An n koute yon eksperyans yon moun rakonte sou entènèt :

« Mwen sonje lè mwen te tou piti nan Eskout D Ayiti, te genyen mouvman rebwazman nan Okap. Nan sa mwen te patisipe ladan yo te gen anpil fayit. Premyeman, yo envite anpil moun ki pa gen eksperyans nan rebwazman. Sa fè anpil plant peri anvan menm yo antre nan tè. Sa yo ki reyisi antre nan tè pa gen chans pou leve paske moun yo mal retire yo nan sache. Yo kase rasin ak boujon plant yo. Epi tou, lè yo fin plante plant yo, pa gen moun ki pran swen yo. Bèt manje yo; solèy brile yo. Si gen mil pyebwa ki te plante, ou kapab jwenn sèlman san oubyen desan konsa ki reyisi ap boujonnen. Konsa, rebwazman toujou ap pran souflèt paske pa gen yon plan byen detaye pou pran swen plant yo lè yo fin antre nan tè. Epi tou patisipasyon peyizan ak moun ki nan lokalite kote rebwazman ap fèt la enpòtan anpil”.

An n poze kèk kesyon sou eksperyans moun sa a pou nou wè pi klè nan koze rebwazman an.

-Ki eksperyans moun sa a te genyen ?

-Ki pwoblèm ki te genyen ?

-Kisa ki te bon ?

-Kisa ki pa t bon?

-Ki leson nou dwe tire ?

Chandèl limen

An nou antre pi fon :

Youn nan diferans ant Ayiti ak Sendomeng se nan koulè peyizaj (ekolojik) de repiblik sa yo: Ayiti jòn, Sendomeng vèt. Lòt Peyi nou wè vèt ak pyebwa yo se pa rezilta de bra kwaze. Se rezilta bon jan desizyon LETA pran. Epi tou sa ki rele konsyans pran swen lanati ak konsyans nan dirije pèp sa yo tou. Pa egzanzp Kosta Rika, yo gen tout kalite lwa pou pwoteje lanati. Epi yo fè edikasyon sou sa depi timoun yo nan kindergarden.

Lè nou gade kalite tè nou genyen an Ayiti, nou kapab wè li kapab sipòte anpil kalite pyebwa. Pye mango, zaboka, zoranj elatriye kapab grandi byen an Ayiti. Nou sipoze kontwole sezon ki pa gen sechrès pou plante yo. Nan espas twa pou rive senk mwa konsa nou kapab sove anpil plant anvan sezon sechrès la tonbe.

3. Bondye pale nan bib la:

Lekti : Detewonòm 30,15-20

An n kalkile sou pawòl la. Sou kisa tèks la pale?

Ki pwojè Bondye genyen pou moun?

Ki wòl Bondye bay moun?

Kisa ki fè peyi nou an rive nan sityasyon li ye a?

Ki rèsponsablite nou menm genyen sou sityasyon n ap viv jounen jodi a ? Poukisa ?

Lapriyè kominotè

An nou mande Bondye padon.

-Paske nou kite anpil okazyon pase pou chwazi Pwojè Lavi a ;

-Paske nou pa pran rèsponsablite nou genyen pou tout sa Bondye kreye ;

-Paske nou bliye sa : touye lanati se touye kreyasyon Bondye a.

An n tande yon bèl konparezon Jeremi fè ant lanati ak moun :



Jeremi 17, 5-8 :

Men sa Seyè a di ankò: Madichon pou moun ki vire do ban mwen pou mete konfyans yo nan moun parèy yo, pou konte sou sa moun ap fè pou yo.

Y ap tankou yon ti pyebwa nan dezè k ap pouse nan yon tè sèk, san dlo, nan yon tè sale kote pèsonn pa rete. Yo p ap janm wè zafè yo mache byen.

Benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a, wi, pou moun ki mete tout espwa yo nan li.

L ap tankou pyebwa yo plante bò larivyè, k ap plonje rasin li nan dlo. Li pa pè anyen lè sezon chalè rive, paske fèy li yo ap toujou vèt. Te mèt gen yon lane chechrès, sa pa fè l anyen, l ap toujou donnen.

Ki konparezon Jeremi te fè ant lanati ak moun nan ?

PAPA NOU – Chante. ■

Lekti Labib pou mwa Mas 2009

Dimanch 1^o Mas 1^o dimanch karèm

1. Jenèz 9, 8-15
2. 1 Pyè3, 18-22
3. Mak 1, 12-15

Dimanch 8 Mas 2^o dimanch karèm

1. Jenèz 22, 1-18
2. Wòm 8, 31-34
3. Mak 9, 2-10

Dimanch 15 Mas 3^o dimanch karèm

1. Egzod 20, 1- 17
2. Korent 1, 22- 25
3. Jan 2, 13-25

Dimanch 22 Mas 4^o dimanch karèm

1. Kwonik 36, 14-23
2. Efèz 2, 4-10
3. Jan 3, 14-21

Dimanch 29 Mas 5^o dimanch karèm

1. Jeremi 31, 31-34
2. Ebre 5, 7-9
3. Jan 12, 20-33

Flerèt Matye



Blag



Tifrè te toujou nan tout relijyon, Batis, advantis, katolik menm temwen Jeyova. Li te toujou fè konnen ni Jezi, Ni granmèt ni Jeyova. Tout toujou ak li kote li pase..

Men tout peyi a konnen Tifrè pou jan li te popilè. Yon jou pandan misye t ap fè yon virewon sou motosiklèt, yon polis soufle misye. Misye kanpe, polis la di l: Ou pa konnen sikilasyon pa vle kat moun sou motosiklèt? Misye di: Men, polis, se mwen menm sèl wi ki sou moto a! Polis la di: Kote Jezi, Granmèt la ak Jeyova yo pa ak ou jodiya!

mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	Z	A	B	O	K	A		F	E	T
2	E	Z	I	L	I		K	A	N	A
3	W	O	Z		N	W	E	L		N
4	O	U	N	S	I		P	E	L	
5		M	I		N	A		Z	A	M
6	M	O	S	O		N	O		M	A
7	O	U		K	O	K		D	A	T
8		N	W	A		A	K	A	Y	E
9	P	O		P	A	R	A	B	O	L
10	O	U	T		L	A	T	O	T	I

Mo Kwaze

Pran agòch ale adwat

1. Boutèy ki gen kou laj
2. Enstriman mizik - Nwa yo fè manba ak li
3. Gazolin - Likid ki soti nan bouch
4. Pwonon fransè - Bèt ki genyen l pa janbe dife - Youn alafwa
5. Pati liberal (abreviyasyon) - Pyès tou piti nan òdinatè
6. Demach pou abòde yon kesyon - 10 x 100
7. Vil nan sid
8. Twal pou siye
9. Kasyon dekore nan kanaval - Remèd fèy - Femèl moun
10. Ki koute anpil kòb - Jeneral lame ki fè koudeta sou Aristid

Pran anwo desann anba

1. Vye machin oubyen kapital peyi kolonbi
2. Pati nan kò yon moun - Moun ki pre fanmi ou
3. Vin pi pre
4. Mo daksyon oksilyè - Malere ki dòmi anba pon nan vil Pari
5. Bwason ki fèt ak alkòl - pa frèt ditou
6. Kategori senyò nan espò (abreviyasyon) - Se priye 2 fwa
7. Mak - Konkou
8. Fwi
9. Pati yon liv - Katriyèm nèt mizik
10. Mòd peye san kòb - Selebrasyon ki ranplase lanmès lè pa gen pè



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2										
3										
4										
5										
6										
7										
8										
9										
10										

Jan Fanaspò



Bon
Journal
Nouvèl

103, Ri Pave
B.P. 19252
HT-6112
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477
bonnouvèl@yahoo.com

ISSN 1606-660X

Pwojè "Bon Nouvèl"

Sipèvizyon: Pè Gi Vandekandelare - Pè Lik Devègle
Dirèksyon: Pè Jan Out
Redaksyon: Wozilya Franswa.
Dokimantasyon: Wozilya Franswa
Sekretarya ak Pwomosyon: Flerèt Matye
Distribisyon: Jan Deni Tanis - Wilga Belanj
Administrasyon: Wilga Belanj
Antretyen: Yolèn Chal